

**ANALISIS KONFLIK SOSIAL SAREUNG KRITIK SOSIAL DINA NASKAH  
DRAMA LENA TAK PULANG KARYA MURAM BATUBARA MINANGKA  
WUJUD PANGUATAN PENDIDIKAN KARAKTER PESERTA DIDIK DINA  
PELAJARAN BAHASA INDONESIA KELAS XI**

**ABSTRAK**

*Lobana kasus panyimpangan anu lumangsung di kalangan rumaja nèmbongkeun ayana krisis moral. Krisis moral bisa diungkulan ku ayana pendidikan karakter. Pendidikan karakter tiasa diwujudkeun di lingkungan sakola ku cara diintegrasikeun kana kagiatan pangajaran. Pangajaran sastra tiasa dijadikeun sarana anu èfèktif dina ngalaksanakeun pendidikan karakter. Salah saiji karya sastra anu diajarkeun dina kurikulum 2013 nyaèta drama. Drama bisa dijadikeun media pendidikan karakter sabab ngagambarkeun rupa-rupa fènomèna kahirupan sarta ngandung nilai-nilai kahirupan anu bisa ditiru ku siswa. Ku kituna, dina drama aya konflik sosial jeung kritik sosial anu ditepikeun ku pangarang dumasar tina realitas sosial anu lumangsung anu diharepkeun tiasa ningkatkeun nilai-nilai karakter siswa salaku individu anu hirup dina kahirupan sosial masarakat. Panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun nganalisis konflik sosial jeung kritik sosial dina naskah drama Lena Tak Pulang karya Muram Batubara anu dimangpaatkeun jadi bahan ajar anu bisa dijadikeun media dina panguatan pendidikan karakter siswa. Mètode panalungtikan anu digunakeun nyaèta mètode kualitatif anu sipatna dèskriptif ngeunaan objèk anu dititènan. Hasil panalungtikan ieu ngandung konflik sosial mangrupi konflik intrapribadi, konflik antarpribadi, sareung konflik kulawargi sarta kritik sosial anu mangrupi kritik sosial ka nilai-nilai kamanusaan, kritik sosial ka moral, kritik sosial ka disorganisasi kulawargi, sareung kritik sosial ka pamarèntah. Hasil tina panalungtikan ieu tiasa dijadikeun bahan ajar SMA kelas XI anu saluyu sareung tungtutan kurikulum 2013. Dumasar kana hasil validasi, bahan ajar èta meunangkeun kriteria saè pisan, ditingali dina aspèk eusi, aspèk panyajian, sareung aspèk basa. Saur validator, nilai-nilai karakter anu tiasa diala ku siswa tina bahan ajar èta minangka wujud panguatan pendidikan karakter, nyaèta krèatif, komunikatif, mandiri, rasa sosial (*peduli sosial*), kerja sama, tolèransi, percaya diri, gotong royong, sareung disiplin. Ku kituna, bahan ajar èta tiasa dijadikeun mèdia dina panguatan pendidikan karakter siswa.*

**Kecap konci:** *Naskah Drama, Konflik Sosial, Kritik Sosial, Bahan Ajar, Panguatan Pendidikan Karakter*